МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»

| Согласовано: | Утверждаю: |
| --- | --- |
| зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br><br>« 26» август 2023г. | Директор МКОУ « ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н.<br>Протокол пед.совета №__198__<br>«_26_» август 2023 г. |

# Рабочая программа
# по родному (аварскому) языку
# для 7 класса

## учительницы родного языка и литературы
## Магомедалиевой Б.У.

2023 – 2024г.

# ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул ц1акъго к1вар бугеб масъалалъун ккола г1ун бач1унеб г1елалъе щулияб ва гъваридао лъайкьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда х1алт1изабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данльун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин, авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда г1исинал миллатазул мац1ал церет1еялде ц1ик1к1араб к1вар кьолеб буго. Гьел миллатазул рук1арахъин цебет1еялдаго цадахъ, гьезул мац1алги бечелъула, церет1ола ва хадубккунги гьел церет1езаризе руго.

Школалда авар ма1 мальиялда цереч1арал масъалаби.

Авар ма1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъе, лексикаялъул, раг1и лъугьинальул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистакаялъул х1акъалъулъ лъайщвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

V - IX классазда авар мац1альул курсалъул г1уц1и

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, V - IX классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац!алъул х!акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мац1алъул материал гьадин бикьун буго: V, V1 ва VII классазда малъула фонетика, лексика, раг1и лъугьин, морфология ва бит1унхъвай. Синтаксис лъазабула VIII - IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул

х1акъалъулъ бищун г1адатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьуч1алда лъазабизе, калам цебет1езабиялъул ва пунктуациялъул х1алт1аби гьаризе рес бук1ине. Гьел церехун рехсарал рахъазул х1исабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьоч1ое босун, «лексика», «раг1и льугьин», «предметияб ц1ар» г1адал темаби V ва VI классазда, «глагол» V, VI ва VII классазда кьун руго. «Бит1араб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. Хут1арал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гьваридго ва г1ат1идго. Гьединго программаялда дандч1вала байбихьул классазда лъималаз лъай- хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби г1ат1идго малъизе ккола.

Программаялда т1олабго материал кьун буго лъималазул г1елазул хаслъабиги х1исабалде росун .

Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих!го ц!ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебет1еялъул т1оцебесеб нух буго авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби.

Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинenияздалъун.

Ц1алдохъабазулгун словарияб х1алт1и гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго ч1ун, рич1ч1уларел раг1аби ратизе, гьезул магТна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса бит1ун пайда босизе лъай - бищунго к1вар бугел х1алт1абилъун ккола.

**Калам цебет1езабиялъул к1иабилеб нух** буго авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда (жиб-жиб темаялъул к!иабилеб пункталда гъоркь) ч1ванкъог1ун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цебет1езабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мац1альул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жанралъул материалазда т1асан ц!алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Калам г1уц1изе ц!алдохъаби ругьун гьариялъе лъик1алан заманги бихьизабун буго. (Авар мац1алъе рихьизарурал саг1тазул щуго бут1а гьабун цо бут1а). Калам г1уц1изе ругьун гьари ц1ик1к1араб к!вар бугеб иш бугелъул. гьелъие мац1алъул программаялда жиб-жиб классалъе бат1аго темабиги кьун руго.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва г1ат1идаб план г!уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Авар мац1алъул дарсазда к1вар кьезе ккола ц!алдохъабазул к1алзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие г!оло ц1алдохъаби т1амизе ккола бат1и-бат1иял темабазда т1асан к1алъазе.

Т1олабго лъаг1алида жанир гьарурал х1алт1абаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинениярдалъунги ц1алдохъабазулъ бит1араб к1алзул ва хъвавул калам г1уц1иялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебег1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч!валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялда бухьараб буго пасих!го ц!ализе лъазабиялъул ишги.

Пасих1го ц1алиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе художествиял текстал (хабар, маргьа, кеч1) росула.

Пасих1го ц!ализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги к1удияб к1вар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебет1езабизе.

Бит1унхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, бат1и-бат1иял тайпаялъул (г1инзулаб, берзулаб, кант1изариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб г1адал) диктантал гьарун.

**Авар мац1алъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда ц1алдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мац!. Гьединлъидал щулияб бухьен бук!ине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб к1вар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мац!алъул цо-цо хаслъаби

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

7 абилеб классалда лъазарурал жалго жидедаго ч1арал ва кумекалъулал каламалъул бут1аби баян гьаризе. Глаголалъул бат1и-бат1иял формаби лъугьинаризе.

**Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:**

Глаголал рит1ун хъвазе. Союзал, хадурег1ел ва частицаби бит1ун хъвазе, междометияздаx хадуб запятая яги ах1ул ишара лъезе. Глаголал, наречиял (аск1об, цебе, гъорлъ) ва частицаби, авар литературияб мац1алъул орфоэпия ц1унун, ц1ализе. Г1адамасул сипат-сураталъулги х1алт1ул иналъулги описаниялъул элементал ругеб хабарияб тексталъул г1ат1идгоги къокъгоги изложение хъвазе.

7 класс (68 сагӀат)

| № | Дарсил тема | СагӀат | Дарсил къагӀидаби | Рокъобе хӀалтӀи |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Предложение | 1 | КӀалзулаб цӀех-рех.<br>Тест<br>**Калам цебетӀезаби.**<br>Сочинение «Щай дие цӀали» | №47<br>Сочинение лъугӀизабизе. |
| 2 | РагӀи лъугьин | 1 | Кколелъур лъал-хъул ишараби ва рекъон кколел хӀарпал тӀанкӀа-зул бакӀалда лъе-ялъул халгьабия-лъул хӀалтӀи | №48<br>ХӀалтӀи 4,5 |
| 3 | Морфология | 1 | КӀалзулаб цӀех-рех. Жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи. | №49<br>ХӀ. 1,5<br>гь 141-142 |
| 4 | БитӀунхъвай | | Талицагун хӀалтӀи,сихӀкъотӀул диктант. | ХӀ.6 ,гь .142 |
| 5 | **Калам цебетӀезаби.**<br>Ругьунлъиялъул диктант | 1 | Диктант | |
| 6 | Глаголалъул авалияб форма-инфинитив | 1 | КӀалзулаб цӀех-рех. Жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи.Предложениязул таржама. | №50<br>ХӀ. 7 гь.145 |
| 7 | «Гьабизе» – кумекалъул глагол | 1 | КӀалзулаб цӀех-рех.<br>Жив-живгун хӀалтӀи. | №51<br>ХӀ. 5 гь. 146 |
| 8 | Журарал глаголал | | Индивидуалияб цӀех-рех,берзул диктант,жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи. | ХӀ.6,гь.148 |
| 9 | **Калам цебетӀезаби.**<br>Ругьун гьариялъул изложение «Бесдалаб» | 1 | План гӀуцӀи ,жалго жидедаго чӀун хӀалтӀи. | ХӀалтӀаби хъван лъугӀизаризе. |
| 10 | Составиял глаголал | 1 | Мини-сочинение,тестовияб цӀех-рех | ХӀ.5,гь 150 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 11 | Гьанже заманалъул составиял глаголал | 1 | Берзул диктант,кроссворд ц1езаби | Х1.4.,гь.152 |
| 12 | Бач1унеб заманалъул составиял глаголал | 1 | Сураталдасан хабар г1уц1изе,аудирование. | Х1.5,гь.154 |
| 13 | Ругьунлъиялъул диктант | | | |
| 14 | Араб заманалъул составиял глаголал | 1 | Халгьабиялъул тест,говорение,карточкабигун х1алт1и. | Х1.5,гь.157 |
| 15 | Глаголалъул такрарлъиялъул форма | 1 | Т1асабищул дикант,фронталияб ц1е-рех. | Х1.4,гь.159 |
| 16 | Г1инзул ва берзул глаголал | 1 | Бихьараб ва раг1араб жоялдасан хабар г1уц1изе,тарихазул диктант | Х1.4,гь.164 |
| 17 | Араб заманалъул г1инзул ва берзул глаголал | 1 | Тексталъул план г1уц1и,творческияб х1алт1и | Х1.2,гь.162 |
| 18 | Контролияб диктант | | | |
| 19 | Хабарияб наклонение | 1 | Берзул диктант,хабар г1уц1изе,фонетикияб разбор | Х1.5,гь.166 |
| 20 | Т1алабияб наклонение | 1 | Ц1алул бажариялъул хал гьаби,аудирование. | Х1.4 гь.168 |
| 21 | Т1алабияб наклонениялъул гьеч1олъиялъул форма. | 1 | Таблицагун х1алт1и.суалазе жавабал. | Х1.4.,гь 170 |
| 22 | Ругьунлъиялъул изложение | | | |
| 23 | Т1алабияб наклонениялъул гьариялъул форма | 1 | Грамматикиял т1адкъаял,мини-сочинение | Х1.4,гь172 |
| 24 | Т1алабияб наклонениялъул гьесизариялъул форма | 1 | Ваг1за-насих1ат,гьара-рахьи хъвай,жалго жидедаго ч1ун х1алт1и. | Х1.5,гь.175 |
| 25 | Шарт1ияб наклонение | 1 | Халкъ.к1алз.асараздаса пайда боси,говорение. | Х1.3,гь.176 |
| 26 | Ругьунлъиялъул диктант | 1 | | |
| 27 | Шарт1ияб наклонениялъул гьеч1олъиялъул форма | 1 | Тексталъул анализ,предложениязул разбор. | Х1.5.,гь178. |
| 28 | Шарт1ияб наклонениялъул анищалъул форма | 1 | Тестовияб х1алт1и,говорение | Х15.гь.180 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 29 | Суалияб наклонение | 1 | Къокъабигун х1алт1и,индивидуалияб ц1ех-рех. | Х1.4,гь183 |
| 30 | **Калам цебет1езаби.**<br>Контролияб сочинение «Эбелалъе квац1и» | 1 | | Сочинение лъуг1изабизе |
| 31 | Глаголазул бит1унхъвай | 1 | К1алзулаб ц1ех-рех. Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и. Хехаб ц1али. | № 68<br>Х1. 6 гь. 187 |
| 32 | Глаголазул бит1унхъвай | 1 | Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и. жив-живгун х1алт1и. Халгьабиялъул тест «Глаголалъул наклонениял». | **Калам цебет1езаби.** Сочинение – хабар ургъизе |
| 33 | Глаголалъул разбор | 1 | Тексталъул анализ, предложениязул анализ,морфологиб разбор. | Контролиял суалал ва т1адкъаязе жавабал х1адуризе. |
| 34 | **Калам цебет1езаби.**<br>Халгьабиялъул диктант | 1 | | |
| 35 | Наречие | 1 | Мини-сочинение «Ниж рохьор» | №70х1.5.,гь.191 |
| 36 | Наречиялъул разрядал | 1 | Таблицабигун х1алт1и,к1алзулаб тест. | №71 х1.4,гь.194 |
| 37 | Наречие лъугьин | 1 | Исследовательскияб х1алт1и | Х1.7,гь.196 |
| 38 | **Калам цебет1езаби**<br>Халгьабиялъул изложение «Кагътица рагьана кагътил балъголъи» | 1 | | Изложение лъуг1изабизе |
| 39 | Наречиялда жанир жинсиял г1аламатал | 1 | Тарихазул диктант,аудирование | №73 х1.3.гь.198 |
| 40 | Предметиял ц1аразул цо-цо падежияб форма наречиязде свери | 1 | Контролияб х1алт1и,грамматикиял т1адкъаял | №74 х1.6,гь.200 |
| 41 | Наречиязул бит1унхъвай | 1 | Исследоват.х1алт1и кицабазул г1аммаб рахъ рагьи.,творческияб х1алт1и | №75 х1. |
| 42 | **Калам цебет1езаби** | 1 | | Х1.5гь.202 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Р.диктант | | | |
| 43 | Наречиялъул разбор | 1 | Жалго-жидедагоч1ун х1аалт1и,т1асабищул диктант. | №76 Контролиял суалалзе ва т1адкъаязе жавабал х1адур гьаризе |
| 44 | Союзал ва гьезул к1вар | 1 | Карточкабаздасан х1алт1и,говорение. | №77х1.3гь.206 |
| 45 | **Калам цебет1езаби** Ругьунгьариялъул диктант | 1 | | |
| 46 | Нахърилълъиналъул союзал | | Текст редактировать гьаби, | Х1.3,гь.207 |
| 47 | Союзазул бит1унхъвай. | | Кроссворд ц1езаби,тестовияб х1ат1и. | Х1.4,гь.208(1) |
| 48 | Р.сочинение | | План г1уц1и,эпиграф бищи | |
| 49 | Частицабазул маг1на ва к1вар | 1 | Говорение,к1алзул тест | №79х1.4.,гь212 |
| 50 | Частицабизул группаби | 1 | Творческиял х1алт1аби,сураталдасан хабар г1уц1и | Х1.4.,гь.214 №80 |
| 51 | Частицабазул бит1унхъвай | 1 | Грамматикиял т1адкъаял т1урай,контролияб х1алт1и. | №81х1.2,гь215 |
| 52 | **Калам цебет1езаби** К.изложение «Бидуца хъварал куч1дул» | 1 | | |
| 53 | Хадурег1елал ва гьезул к1вар | 1 | Контролияб тест,индивидуалияб ц1ех-рех | №82 х1.4,гь220 |
| 54 | Хадурег1елазул бит1унхъвай | 1 | Разборал,таржамаби,суалазе жавабал | №83х1.2,гь.221 |
| 55 | **Калам цебет1езаби** К. диктант | 1 | | |
| 56 | Междометиялъул маг1на ва к1вар | 1 | Диалогал г1уц1и,практикиял х1алт1аби. | №84 хабар г1уц1изе. |
| 57 | Междометиязул бит1унхъвай | 1 | Исслед.х1алт1и,т1асабищул диктант. | №84 хабар г1уц1изе |
| 58 | Междометие такрар гьаби | 1 | Берзул диктант,торческиял х1алт1аби. | Х1.4.гь.224 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 59 | **Калам цебет1езаби**<br>Р.диктант | 1 | | Сочинение лъуг1изабизе |
| 60 | Кумекалъул каламалъул бут1аби хъвавулаб ва к1алзулаб каламалъулъ х1алт1изари | 1 | Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и | №77-84 контролиял суалал ва т1адкъаял. |
| 61 | Кумекалъул каламалъул бут1аби | 1 | Хабар г1уц1и, план г1уц1и. | Х1.2.гь.229. |
| 62 | **Калам цебет1езаби**<br>Халгъабиялъул диктант | 1 | | |
| 63 | Жалго жидедаго ч1арал каламалъул бут1аби такрар гьари | 1 | Грамматикиял т1адкъаял,тестовияб х1алт1и. | Х1.4,гь.230 |
| 64 | Кумекалъул каламалъул бут1аби текстазулъ . | 1 | Исслед.х1алт1и,предложениязул разбор | Х1. 5.гь.232 |
| 65 | **Калам цебет1езаби**<br>Халгъабиялъул изложение | 1 | | |
| 66 | Морфология | 1 | Грамматикиял т1адкъаял,творческиял х1алт1аби | Х1.1,гь.223 |
| 67 | Морфологиялда т1асан х1алт1аби | 1 | Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и | Х1.2.гь 236 |
| 68 | К/ц.сочинение | 1 | Накъит,план г1уц1и. | |